Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY LÒD POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE ANSYEN OFISYE LAPOLIS KONSÈVASYON ANVIWÒNMAN RONALD J. BOSELA KI MOURI

Drapo yo pral flote a demi-ma nan dat 25 avril

Gouvènè Kathy Hochul te bay lòd jodi a pou yo monte drapo yo a demi ma sou tout gouvènman Eta a jiska solèy kouche nan 25 avril pou onore Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk la, Ronald J. Bosela.

"Nan kad repons pou ede nan rekiperasyon World Trade Center apre 11 septanm, Ofisye Bosela te montre plis bravou ak kouraj pou sèvi eta nou an ak peyi nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen eksprime rekonesans ak apresyasyon pwofon mwen pou sèvis li epi mwen eksprime kondoleyans mwen bay fanmi l, kòlèg li yo ak tout moun ki te konnen l yo."

Nan dat 27 fevriye 2026, Ofisye Bosela te mouri anba yon maladi ki gen rapò ak travay li nan World Trade Center apre atak teworis 11 septanm 2001 an. Apre evènman 11 septanm yo, yo te voye Ofisye Bosela nan Ground Zero, nan North Tower, apre atak yo. Li te siveye aktivite Gad Nasyonal la epi li te ede deplase pòs kòmandman an soti Ground Zero pou ale sou waf yo bò Rivyè Hudson, ki te jwe yon wòl enpòtan nan moman ki te swiv imedyatman apre atak la.

Li te pran retrèt nan mwa me 2008 nan Divizyon Fòs de Lòd Depatman Konsèvasyon Anviwònman an apre 20 ane sèvis devwe.

Ofisye Bosela te soti nan Clarence, Konte Erie, epi li kite nan dèy madanm li, Georgette, ak pitit gason li yo Brian ak John, pitit pitit li yo Trevor ak Hannah, nyès, neve, ak lòt manm fanmi pwòch.

###